

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, téhnik panalungtikan anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan, data jeung sumber data, jeung prosedur atawa alur panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif nu udaganna pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun masalah nu ditalungtik. Sugiyono (2018, kc. 15) ngébréhkeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta métode nu digunakeun pikeun nalungtik objék nu sifatna alamiah, nu hartina panalungtik miboga peran salaku instrumen konci dina ngumpulkeun data.

Métode déskriptif nyaéta métode nu digunakeun dina nalungtik status kelompok manusa, hiji objék, hiji kaayaan, sistem pamikiran atawa kajadian nu lumangsung (Nazir, 2013, kc. 54). Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 310) métode déskriptif nyaéta panalungtikan nu miboga tujuan pikeun maluruh kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén nu patali jeung masalah nu ditalungtik.


Dumasar kana pamadegan para ahli bisa dicindekkeun yén panalungtikan déskriptif kualitatif nyaéta panalungtikan nu museurkeun paniténna kana masalah-masalah nu aya nalika panalungtikan, disebut déskriptif sabab udaganna pikeun meunangkeun hasil nu objéktif.

Patalina ieu métode jeung objék nu jadi bahan panalungtikan atawa sumber data nyaéta ieu métode digunakeun pikeun nganalisis sarta ngadéskripsikeun unsur intrinsik dina carita pondok, aspék mimétik, sarta aspék sosial nu nyangkaruk dina kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa.

Dumasar kana pamarekan sarta métode panalungtikan nu geus ditétélakeun, dina ieu panalungtikan disusun desain panalungtikan. Desain panalungtikan nyaéta gambaran umum panalungtikan nu rék dipilampah salila panalungtikan pikeun ngahontal udagan nu tangtu (Indrawan, 2016 kc. 30).

Sangkan ieu panalungtikan bisa ngahontal udagan, dijieun léngkah-léngkah gambaran umum nu rék dipilampah, éta léngkah téh dibagankeun saperti kieu.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan




3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data mangrupa unsur utama sarta nu paling penting sabab sumber data mangrupa bahan atah atawa objék panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data nyaéta subjék data nu rék ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu hal nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung dokumén atawa kertas (*paper*).

Dina ieu panalungtikan, sumber data nu digunakeun nyaéta kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa.

3.2.1 Déskripsi Buku

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta eusi carita sagemblengna nu aya dina kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa kalayan idéntitas:



Judul Buku : Halis Pasir
 Pangarang : Us Tiarsa
 Pamedal : Kiblat Buku Utama
 Taun Medal : 2010
 Kandel Buku : 81 kaca

Gambar 3.1 *Sampul Kumpulan Carpon Halis Pasir*

Halis Pasir mangrupa kumpulan carita pondok karya Us Tiarsa. Ieu kumpulan carita pondok téh ngawengku 13 carita nyaéta “Halis Pasir”, “Goong téh Kaimpi Totos”, “Buah”, “Nu Niruk Jajantung”, “Rusiah”, “Diantos di Sarayévo”, “Incok”, “Nu Ngaraliwat”, “Si Bungsu”, “Baju Pangantén Pulas Emas”, “Surat”, “Salju dina Bulu Panon”, jeung “Karémbong Srangéngé”.

Sakumaha nu geus dipedar di luhur kumpulan carita pondok *Halis Pasir* ngawengku 13 carita pondok, eusi tina masing-masing caritana bisa diringkeskeun kieu.

- 1) “Halis Pasir” nyaritakeun kahayang budak pikeun makayakeun kolotna nu tinggal hiji-hijina nyaéta emana.
- 2) “Goong téh Kaimpi Totos” nyaritakeun kasenian domrét nu kapaksa kudu buyar lantaran dihulag ku camat.
- 3) “Buah” nyaritakeun kahirupan tatangga di hiji komplék nu patelak gara-gara tangkal buah. Ilaharna jeung tatangga téh silih tulungan sarta barang béré upama aya leuwih tapi di komplék mah paantel témbok gé can tangtu wawuh.
- 4) “Nu Niruk Jajantung” nyaritakeun lalampahan awéwé nu geus boga salaki tapi neundeun haté ka salaki batur.
- 5) “Rusiah” nyaritakeun kasalahpahaman si Ujang nu nyangka bapana nyandung padahal mah tatahar rék pindah dines ka kota nu jauh ti imahna, ku kituna sakulawarga kudu milu pindah imah.

Indah Purnamasari, 2022

ASPÉK SOSIAL DINA KUMPULAN CARITA PONDOK HALIS PASIR KARYA US TIARSA
 (Ulukan Objéktif jeung Mimétik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 6) “Diantos di Sarayévo” nyaritakeun lalampahan tokoh kuring nu rék nepungan sobatna alatan boga pamaksudan pikeun mantuan korban perang di Sarayévo jeung Bosnia.
- 7) “Incok” nyaritakeun kahirupan rumah tangga nu awét rajét. Patelak pédah enggah pameget nu incokna keur kanceuh téh hayang diogo tapi enggah istri teu maliré. Tapi sanajan teu patanya, ari silih kaulaan mah tara kaliwat.
- 8) “Nu Ngaraliwat” nyaritakeun kaayaan Gunung Iwung jeung Pasirkaruk nu urug ku lantaran taneuhna rempu.
- 9) “Si Bungsu” nyaritakeun lalampahan si bungsu nu kalakuanana béda pisan jeung lanceuk-lanceukna nepi ka bapana béak déngkak ngawarah.
- 10) “Baju Pangantén Pulas Emas” nyaritakeun lalakon Atih nu kapaksa kawin jeung lalaki nu béda pisan jeung kahayangna.
- 11) “Surat” nyaritakeun lalampahan politisi nu teu kapilih dina Pemilu Législatif. Sasat harta banda béak nepi ka ngahutang sakitu badagna pikeun modal kampanye tapi udaganna teu kahontal.
- 12) “Salju dina Bulu Panon” nyaritakeun lalakon Iyé k nepungan sobat nu geus kacida heubeulna teu panggih alatan hiji pasualan nu ngarobah kaayaan.
- 13) “Karémbong Srangéngé” nyaritakeun lalampahan Mat Pitak néangan muara asih geusan balabuh haté.

3.2.2 Biografi Singget Pangarang

Us Tiarsa, sastrawan, pangarang, wartawan gumelar di Bandung 1 April 1943. Satamatna ti SMA IA (1961), asup ka Jurusan Sastra Indonésia Fakultas Sastra Unpad (teu tamat). Taun 1969 meunang béasiswa ti Daya Sunda neruskeun kuliah di Fakultas Sastra tapi kudu pindah ka Jurusan Sastra Sunda. Teu dianggeuskeun deuih. Taun 1978-1981 kuliah di ASTI Jurusan Téater tepi ka tamat tapi teu milu ujian ahir.

Ngagugulung kasenian-kabudayaan Sunda ti taun 1963 (ngasuh lambaran sastra Kudjang Putra tur jadi Redpel *Kalawarta Kudjang*), tuluy bareng jeung Rahmat M. Sas ngadegkeun Studi Grup Budaya Sunda. Dina widang kawartawanan, Us Tiarsa kungsi digawé di *Majalah Sunda* nu dikokolotan ku Ajip Rosidi, jadi redaktur *Manglé* (1968-1972), jadi redaktur *HU Pikiran Rakyat* (1975-

2005). Kungsi deuih ngadegkeun majalah Sunda *Gondéwa* (1972) jeung koran Sunda *Galura* (jadi Pamingpin Redaksi taun 1972-2005).

Di dunya kasusastraan Sunda Us Tiarsa jadi anggota PPSS, jeung ti taun 2007 diangkat jadi Ketua Umum LBSS. Di widang lianna, kungsi jadi Wakil Ketua BKKNI Jawa Barat, jadi Sékertaris Pengurus Besar Paguyuban Pasundan. Ti taun 2005 jadi Pamingpin Redaksi ngarangkep Panangkes Bandung TV.

Us Tiarsa nu disinugrahan Hadiah Sastra Rancagé 2011 mikawanoh dunya kapanulisan saprak masih kelas opat Sakola Rakyat. Harita, Us Tiasra nulis surat ka koran Pikiran Rakyat ngeunaan réana pangungsi ti Ciawi ka daérah sabudeureun imahna di Kebon Kawung, Bandung, sabab sieun ku rombongan nu jahat.

Carpon, puisi, jeung éséi Sundana remen dimuat dina *Kujang*, *Gondéwa*, *Galura*, *Sunda*, *Manglé*, jeung sajabana. Dina karya-karyana, Us biasana méré kasempetan ka tokohna sangkan nyarita pikeun ngawangun imajinasi pamaca.

Nurutkeun juri Rancagé Teddy Muhtadin, sanajan karya Us masih aya dina garis gaya umum karya sastra Sunda nu caritana leuwih nyoko kana réalitas atawa pasualan hirup sapopoé, tapi ditulis kalayan leuwih lemes jeung sabar. Ieu kaunggulan téh hampir rata dina 13 carita pondokna dina buku kumpulan carpon *Halis Pasir*.

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik mangrupa salasihiji prosedur anu kudu dilakonan kalayan ngagunakeun métode anu tangtu sangkan tujuan nu dipiharep dina hiji panalungtikan bisa kahontal. Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka jeung analisis téks. Nurutkeun Nazir (2013 kc. 93) studi pustaka nyaéta téhnik ngumpulkeun data kalawan ngayakeun ulikan talaah tina buku-buku, literatur-literatur, catetan-catetan, jeung laporan-laporan nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2018, kc. 137) métode ngumpulkeun data tina dokumén atawa sumber pustaka disebut studi pustaka. Ieu téhnik panalungtikan mibanda udagan pikeun nyangking fakta-fakta nu aya patalina jeung objék panalungtikan.

Anapan léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana nyaéta:

- 1) maca sacara gemet sakabéh eusi carita pondok anu dipilih minangka fokus panalungtikan;
- 2) nandaan bagian-bagian nu saluyu jeung rumusan masalah;
- 3) nyalin data kana kartu data winangun tabél.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibaca. Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik déskriptif analisis. Dina téhnik analisis, dilakukeun sababaraha tahapan, di antarana:

- 1) mariksa deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) téhnik analisis struktural tiori Nurgiyantoro;
- 3) téhnik analisis unsur mimétik tiori Semi;
- 4) téhnik analisis aspék sosial tiori Soerdjono Soékanto nu ngawincik aspék sosial jadi lima, nyaéta aspék sosial agama, aspék sosial ékonomi, aspék sosial atikan, aspék sosial politik, jeung aspék sosial moral.
- 5) ngadéskripsikeun data;
- 6) nyusun kacindekan tina hasil panalungtikan.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tabél data. Tabél data atawa tabulasi data digunakeun pikeun mantuan panalungtik ngalakukeun katégorisasi data nu dicangking tina sumber data.

Tabél 3.1
Data Struktur (Téma)

Téma	Cutatan Carita	Kode Data C/KU//KC

Keterangan:

- 1) C: Judul Carita
- 2) KU: Kode Urutan Data
- 3) KC: Kaca

Tabél 3.2
Data Struktur (Galur)

No	Galur	Cutatan Carita	Kode Data C/KU//KC

Keterangan:

- 1) C: Judul Carita
- 2) KU: Kode Urutan Data
- 3) KC: Kaca

Tabél 3.3
Data Struktur (Palaku)

No	Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Fungsi Penampilan Palaku	
		utama	tambahan	antagonis	protagonis

Tabél 3.4
Data Struktur (Watek)

No	Ngaran Palaku	Watek	Cutatan Carita	Kode Data C/KU//KC

Keterangan:

- 1) KU: Kode Urutan Data
- 2) KC: Kaca

Tabél 3.5
Data Struktur (Latar)

No	Latar	Cutatan Carita	Kode Data C/L/KU//KC

Keterangan:

- 1) C: Judul Carita
- 2) L (LT/LW/LS):(Latar (Latar Tempat/ Latar Waktu/ Latar Sosial)
- 3) KU: Kode Urutan Data
- 4) KC: Kaca

Tabél 3.6
Data Struktur (Puseur Implengan)

No	Puseur Implengan	Cutatan Carita	Kode Data C/KU//KC

Katerangan:

- 1) C: Judul Carita
- 2) KU: Kode Urutan Data
- 3) KC: Kaca

Tabél 3.7
Data Mimétik

No	Judul Carpon	Cutatan Carita	Unsur Mimésis				
			Realitas tempat	Realitas tindakan sosial	Realitas tradisi	Realitas sajarah	Realitas kaséhatan

Tabél 3.8
Data Aspék Sosial

No	Judul Carpon	Cutatan Carita	Aspék Sosial				
			Agama	Moral	Politik	Ékonomi	Atikan